# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–20 मार्च 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु बहराइच में मिहीपुरवा तहसीलि के मुख्य भवन क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि मिहीपुरवा तहसीलि में आजु ले भवन नाहीं रहल जबकि एगो सामान्य नागरिक बदे सबसे जियादा कार तहसीलिये में परे ला। जमीनि से जुड़ल रेकार्ड होखे, पैमाइस, ओरासति क कार्यवाही, नामांतरण चाहे फेर बंटवारा क कार, सज्जो मामिलन के निस्तारण क केन्द्र तहसीलिये हौ। मुख्यमंत्री कहलें कि अब कउनों गरीब क हक नाहीं मारल जा सके ला। एकरे बदे सेटेलाइट के जरिया से सरकार अइसन इंतिजाम करी कि कउनों गरीब क एक्को इंच जमीनि केहू कबजा नाहीं कइ पाई। उहां के बहराइच के बिरासति अउर विकास क उद्भुत गाथा क नया रूप बतवलीं।

***हमारी गौरवगाथा विरासत के साथ जुड़ती है, विरासत विकास के साथ जुड़ता है। विरासत और विकास के अद्भुत गाथा का ही एक नया रूप है। बहराइच का जहां मेडिकल कॉलेज भी बन गया है और साथ–साथ हमने बहराइच का बाइपास भी स्वीकृत कर दिया है। बहराइच में एक नया बाइपास भी होगा। नेपाल से कनेक्टिविटी को आसान कर दिया है और यहां पर जो कर्तनिया घाट वन्य जीव प्रभाग है, इसको टूरिज्म के दृष्टि से ईको टूरिज्म के एक नये हब के रूप में विकसित करने के लिये।***

येही क्रम में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोण्डा में आयोजित कार्यक्रम में देवीपाटन मण्डल क चउदह सौ तेइस नौजवान उद्यमियन के मुख्यमंत्री युवा उद्यम विकास अभियान के तहत पचपन करोड़ रूपिया क ऋण बंटलें। येह दौरान उहां के एक जिला एक उत्पाद कार्यक्रम में सिल्पकारन के टूल किटो बंटलीं। सथहीं, नौजवान उद्यमियन के ओरि से लगावल गइल स्टार्ट–अप परदरसनी क अवलोकनों कइलीं। येह मौका पर उहां के कहलीं कि युवा सक्ति के स्वावलम्बन से उत्तर प्रदेस अउर देस के नया ऊंचाई पर ले जाइल जा सके ला–

***नया अवसर आया उत्तर प्रदेश के लिये जब उत्तर प्रदेश को देश की नम्बर एक की अर्थव्यवस्था बना सकते हैं। पहले सत्रह के पहले सातवीं अर्थव्यवस्था होती थी आज नम्बर दो की है और तेजी के साथ जिस तेजी के साथ उत्तर प्रदेश आगे बढ़ रहा है उससे नम्बर एक की अर्थव्यवस्था बनने में देर नहीं लगने वाली है।***

**********

उत्तराखंड में चार धाम जतरा क पंजीकरण आजु से सुरू हो गइल। येह सालि पंजीकरण क प्रमाणीकरण आधार कार्ड से होई अउर पंजीकरण के दौरान सरधालुअन के अपने आधार कार्ड क विवरण देवे के होई। कुलि पंजीकरण में से साठि फीसदी पंजीकरण ऑनलाइन होई ओहीं चालीस फीसदी पंजीकरण ऑफलाइन कइल जाई, जवने से तीर्थयात्रियन के कउनों परसानी न होखे। तीर्थयात्री **रजिस्ट्रेशन एण्ड टूरिस्ट केयर डॉट यूके डॉट जीओवी डॉट इन** पर ऑनलाइन पंजीकरण करा सके लें।

**********

गोरखपुर के बाबा गम्भीरनाथ प्रेक्षागृह में आजु से तीनि दिन कै आध्यात्मिक फिल्म महोत्सव क सुरूआति भइल। मुंबई के संस्था आईआईएमसी अउर पर्यटन विभाग की ओरि से आयोजित येह महोत्सव में धरम अउर आध्यात्मिकता पर आधारित फिलिम देखावल जाई। सुभारम्भ के मौका पर फिल्मकार विवेक अग्निहोत्री कहलें कि धरम अउर आध्यात्मिकता भारत क केन्द्र आ आत्मा हौ। उहां के कहलीं कि दुनिया में कतहूं जो त आध्यात्मिक अउर धरम क बाति आवे ला त सबसे पहिले नांव भारत क आवे ला।

**********

वेव्स ओटीटी प्लेटफॉर्म भारत में ड्यूशर फुटबॉल–बंड, डीएफबी–पोकल सेमीफाइनल अउर ग्रैंड फिनाले क सोझे प्रसारण करी। प्रसार भारती अउर डीएफबी जर्मनी के बिच्चे येह सम्बन्ध में एगो समझौता ज्ञापन भइल हौ। प्रसार भारती क मुख्य कार्यकारी अधिकारी गौरव द्विवेदी कहलें कि डीएफबी के साथे सहजोग से भारतीय दर्सकन के न त खाली बड़हन स्तर क फुटबाल मैच देखे के मिली बलुक हमरे नौजवान फुटबालरन के अन्तर्राष्ट्रीय स्तर पर खेलले क मौको मिली।

**********

आजु विस्व गौरइया दिवस मनावल जा रहल हौ। ई दिन गौरइया के आबादी में तेजी से हो रहल कमी के बारे में जागरूकता बदे एगो कोसिस हौ। हर सालि बीस मार्च के मनावल जाये वाला ई दिन पहिली बेरि बरिस दुइ हजार दस में विस्व के कई गो हिस्सन में मनावल गइल रहे। येह मौका पर बनारस के गंगा घाट पर नमामि गंगे संस्था पर्यटकन अउर स्थानीय लोगिन के आजु गौरइया के संरक्षण क संकल्प दियवलस।

**********

पारसी नया सालि क तिउहार–नवरोज आजु मनावल जा रहल हौ। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी येह मौका पर लोगिन के सुभकामना दिहले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में श्री मोदी कहलें कि ई खास दिन सबके खातिर खुसी, समृद्धि अउर बढ़ियां स्वास्थ्य ले के आवे।

**********

प्रदेस के कौशाम्बी अउर जौनपुर के सथहीं कई जिलन में आजु भिन्नहीं हल्लुकाहे बूंदाबांदी अउर बरखा से मौसम अचक्के बदलि गइल। बनारस जिलो में भिन्नहीं बादर छवले रहले से ओइजा मौसम सुहावना हो गइल। मौसम विज्ञान विभाग पूरबी उत्तर प्रदेश में कई जगहिनि पर आजु अउर आवे वाला दुइ दिन ले गरज–चमकि के साथे बौछार परले अउर बरखा भइले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग की ओरि से येह दौरान बज्रपात अउर तेज झोंकेदार बेयारियो चलले क चेतावनी दिहल गइल हौ। ओहीं, पच्छिमी उत्तर प्रदेसो में कुछु जगहिनि पर आजु अउर बिहने बरखा अउरी बज्रपात आ कहीं–कहीं तेज बेयारि चलले क सम्भावना जतावल गइल हौ।

**********